# MEKTEP GEOGRAFIYASINDA DIDAKTIKALIQ QURALLARDAN PAYDALANIWDİŃ ÁHMIYETI

**Gaypova Roza Tursinbaevna,**
*Ájiniyaz atındağı NMPI Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası docenti, p.i.k.*

**Qallibekova Venera,**
*Ájiniyaz atındağı NMPI Geografiya hám ekonomikalıq bilim tiykarları bakalavr tálim bağdarı studenti*

**Rajabova Mardona,**
*Ájiniyaz atındağı NMPI Geografiya hám ekonomikalıq bilim tiykarları bakalavr tálim bağdarı studenti*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15170742**

Búgingi kúnde tálimniń zamanagóy tálim qurallarınan paydalanıw tálim procesine olardı en jaydırıw dáwir talabı bolıp esaplanadı, biraq tálim sıpatın asırıwda hár bir pánniń ózine tán ózgeshelikleri bar. Geografiya páni sıyaqlı hesh bir pán kórgizbelilikti kóp talap qılmaydı. Onda úyreniletuğın hár bir tema ushın tábiyattıń bir bólegi kórinisi yaki qandayda bir asbaplar kerek bolıp tabıladı. Sabaqtıń mazmunlı bolıwı ushın áne usı tábiyat bólegin klass xanasına kiritiwimiz lazım. Oqıwshılar biraz waqıt bolsada tábiyattıń qubılısları hám processleriniń guwası bolıwı múmkin. Bunıń ushın bolsa barlıq geografiya táliminde didaktikalıq kórgizbeli qurallar tayarlawdı puxta biliwimiz hám sınap kóriwimiz lazım.

Prezidentimiz búgingi kúnde jaslardı, ulıwma ilim-pán tarawı xizmetkerlerin, alımlar ósip jetilisken mámleketler ilimiy jámiyetshiliginiń itibar orayında turğan, eń aldıńğı, rawajlanğan ilimiy izleniw hám ónimli jumısları elimizdi rawajlandırıwğa bağdarlap, usı maqsette Ilimler akademiyası hám joqarı oqıw orınları quramında laborotoriyalar payda etiw, olardıń mámleketlerdegi ilim-pán orayları menen nátiyjeli baylanıs ornatıw zárúrligine itibar qarattı.

Solay eken, ulıwma bilim beretuğın orta mekteplerinde oqıwshılardıń geografiyalıq bilimlerin asırıw, pikirlew qábiletlerin rawajlandırıwğa geografiya pániniń áhmiyeti úlken. Geografiya sabaqlarında oqıwshılardıń sanasın rawajlandırıw, ózi jasap turğan aymaq hám basqa mámleketlerdiń geografiyalıq ornı, ıqlımı, tabiyiy sharayatı hám paydalı qazılmalardı biliwi, geografiyanı oqıp úyreniwdegi tiykarğı wazıypalardan biri bolıp esaplanadı. Oqıwshılardıń tiykarğı wazıypası bolsa, bulardan oqıw processinde tuwrı paydalanıwı bolıp tabıladı. Geografiya táliminde didaktikalıq qurallardan paydalanıw usılları hám jolların shólkemlestiriw procesinde oqıwshılardıń erkin pikirlew qábiletlerin rawajlandırıwğa

erisiw imkanıyatları payda boladı. Sabaq barısında didaktikalıq qurallardan paydalanıw hám úyreniw kóp qırlılıǵı menen ajıralıp turadı.

**Birinshiden,** olarda pikirlew iskerligi jedellesedi, **ekinshiden,** oqıwshılarda dúnya qarastı qáliplestiredi, **úshinshiden,** yadı bekkemlenedi. Sonıń menen birge oqıwshılar hár bir tapsırmanı sheshiw menen birge bir neshe wazıypalardı orınlaydı. Máselen, modeller jasaw hám reńli porlardan paydalanıw hám tayarlaw usılları, applikaciyalar, pape-mashe hám gipstan qılınatuǵın jumıslar, relef, taw modellerin jasaw hám taǵı basqa. Didaktikalıq qurallardan geografiya sabaǵında beriletuǵın hár bir tapsırma aqlıy sıpatlardı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan bolıwı kerek. Aqıl menen hár túrli mashqalalardı sheshiwdegi iskerligin ámelge asırırwda eń qolay tiykar bolıp xızmet etedi.

Geografiya taliminde didaktikalıq qurallardan paydalanıw usılları hám jolların úyreniw bilim, kónlikpe hám uqıpların asırıw maqsetinde oqıw processin tarbiyaǵa kiritilgen túrli bilim dereklerinde jánede jetilistiriwden ibarat.

Geografiya taliminde didaktikalıq qurallardan paydalanıw ushın oqıtıwshı kórgizbeli hám texnikalıq qurallardı tańlawda jáne paydalanǵanda oqıtıw procesi payda qılıw túrlerin, qollanatuǵın innovaciyalıq hám xabar texnologiyalar menen oqıtıw metodların esapqa alıw lazım. Tálim processinde joqarı natiyjeli bilim beriwi, oqıwshınıń qalewi, umtılıw, ózbetinshe pikirlewin támiyinlewge baǵdarlaw úlken áhmiyetke iye.

Geografiya táliminde didaktikalıq qurallardan paydalanıwdıń áhmiyeti hám paydalanıw usılları hám jolların úyreniw bilim, kónlikpe hám tájriybelerdi qáliplestiriw maqsetinde oqıw processine kiritilgen hár túrli bilim dereklerinde jánede rawajlandırıwdan ibarat.

Geografiya táliminde didaktikalıq qurallardan paydalanıw ushın oqıtıwshı kórgizbeli hám texnikalıq qurallardı tańlawda hám paydalanǵanda oqıtıw processin payda etiw túrlerin, qollanılatuǵın pedagogikalıq texnologiyalar menen oqıtıw metodların esapqa alıw lazım. Onıń tálim processine joqarı nátiyje beriwi, oqıwshınıń qálewi, umtılısı, erkin pikirlewdi támiyinlewge baǵdarlanıwı dástúriy áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Demek, úzliksiz tálimnıń barlıq basqıshlarında tálimdi rawajlandırıw, oqıtıw quralları oqıwshı iskerligine baǵdarlaw, oqıw-biliw iskerligin payda etiw hám onı basqarıw, shaxs kórinislerin qáliplestiriwge baylanıslı metodlardı qollap-quwatlawdı talap etedi.

Juwmaqlap aytqanımızda, geografiya táliminde didaktikalıq qurallardan paydalanıw sabaq nátiyjeligin jánede asıradı hám oqıwshılarda kónlikpe hám bilimlerdiń qáliplesiwine jaqınnan járdem beredi.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**


1. 1.Vahobov X.; Alimqulov N.; Sultanova N.Geografiya óqitish metodikasi Toshkent OOO «Aktiv print» 2021 359b.
2. 2.Bahromov Q.; Gaypova R.; Utepova G. Geografiya tálimida interfaol usullar Nukus. «Avangard- Baspa» 2022y.152b.
3. Matcaydova S. Geografiya ta`limida didaktik kórgazma qurollar tayyorlash(Oliy ta`lim yurtlarning geografiya ta`limi yónalishi talabalari uchun o`quv qo`llanma) Urganch 2004 y.58b.
4. Gaypova R. TRENDS IN ORGANIZING GEOGRAPHY LESSONS THROUGH UNTRADITIONAL METHODS //International Journal of Artificial Intelligence. – 2025. – T. 1. – №. 2. – C. 1060-1063.
5. Tursinbaevna G. R., Muzapparovna T. Z., Turganbaevna K. M. The implementation of innovative technologies in teaching geography //International Journal of Pedagogics. – 2023. – T. 3. – №. 10. – C. 53-56.
6. Гайпова Р., Турдыбекова З., Байрамова А. ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ В ПРЕПОДАВАНИИ ГЕОГРАФИИ //Экономика и социум. – 2023. – №. 12 (115)-1. – С. 1037-1041.